# ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРТЫ КОНСПЕКТ

# ЦÆТТÆГÆНÆН КЪОРДЫ САБИТÆН




# УÆЛАХИЗЫ БОН

***Хъомылгæнæг: Дзгойты Зæлинæ***

**НЫСАНТÆ:** - сабиты зæрдыл æрлæууын кæнын, Майы мæйы цы стыр бæрæгбоныл сæмбæлынц æппæт Уæрæсæйы адæмтæ, уый; æрдзурын хæстон цауты тыххæй; разæнгард кæнын сабиты, цæмæй хæсты хъæбатырты нæмттæ зоной;

- ахуыр кæнын лæмбынæг хъусыныл, фæрстытæн æххæст дзуаппытæ дæттыныл; рæзын кæнын сабиты хъуыдыкæнынад æмæ мысæнуат;

- сæ Райгуырæн бæстæйæ сæрыстыр куыд уой, хæсты ветерантæн кад æмæ æгъдау куыд дæттой, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**ДЗЫРДУАТ:** *знаг, хæст, Уæлахизы бон, хæсты ветеран, хæсты хъайтартæ, цыртдзæвæн, монумент, Æнусон арт, салют, немыцаг фашисттæ.*

**АРХАЙÆН ФÆРÆЗТÆ:** компьютер, проектор, экран, къамтæ æмæ нывтæ хæстон тематикæйæ; аудиофыттæ «Уынджы зæлтæ», «Хæсты зæлтæ», зарæг «День Победы»; хæстон цыртдзæвæнты къамтæ; видеоролик «Бæрæгбоны салют».

**РАЙУАРИНАГ ÆРМÆГ:** цыртдзæвæнты хуызистытæ цалдæр хайыл лыгтæй; хъæбæр сау гæххæт; цыргъбырынкъ къæцæлтæ;

**РАГАГЪОММÆЙЫ КУЫСТ:** бакæсын сабитæн хæстон тематикæйымæ баст æмдзæвгæтæ, радзырдтæ. Бамбарын кæнын зарæг «День Победы»-йы ныхæсты мидис. Радзурын сын нæ ирон сгуыхт æфсæддонты тыххæй, равдисын сын сæ къамтæ. Равдисын хæстон цыртдзæвæнты къамтæ, радзурын сабитæн кæм лæууынц æмæ кæй кадæн арæзт æрцыдысты, уый.

## АХУРТЫ ЦЫД

### 1. Психогимнастикæ.

- Сабитæ, тынг æхсызгон мын у уæ уынд! Цавæр зæрдæйы уаг уын ис?

- Ӕрлæууæм иумæ æмæ кæрæдзийæн салам раттæм. Уæ райсом хорз! *(Ӕгас цу!)*

- Ныр та алчи йæхицæн раттæд салам.

*Иумæ дзурынц*

Ӕгас цæут, мæ къухтæ, - къæрцц, къæрцц, къæрцц.
Ӕгас цæут, мæ къæхтæ, - тъупп, тъупп, тъупп.
Ӕгас цæут, мæ рустæ, - цъыкк, цъыкк, цъыкк.
Ӕгас цæут, мæ былтæ, - сыпп, сыпп, сыпп.
Ӕгас цæут, мæ дæндæгтæ, - хъыс, хъыс, хъыс.
Ӕгас цæуай, мæ гыццыл фындз, - бипп, бипп, бипп.
Мæ хорз хæлар, æгас цæуай! Дæ мидбылты мæм бахуд цæй!

- Ӕрхæцæм кæрæдзийы къухтыл. Кæрæдзийæн бахай кæнæм нæ хъармдзинад æмæ нæ хорз зæрдæйы уаг. Нылхъивут кæрæдзийы къухтæ. Цы банкъардтат?

### 2. Дидактикон упражнении «Дзырдтæ цавæртæ вæййынц?»

- Сабитæ, кæрæдзийымæ ныхас кæнгæйæ, мах фæзæгъæм тынг бирæ дзырдтæ. Уыдон вæййынц алыхуызон.

- Цæй æмæ уæ зæрдыл æрлæууын кæнут истыхуызон «адджын» дзырдтæ *(къафетт, мæнæргъы, галæрыскъæф, тъорт, шоколад…)*

- Ныр та æрхъуыды кæнут «хъæлдзæг» дзырдтæ *(бæрæгбон, лæвæрттæ, цирк, худт, хъазт).*

- Тынг хорз! Уæ цæскæмттæй ма равдисут хъæлдзæг æнкъарæн, хъæлдзæг эмоции.

- Сабитæ, дзырдтæ «æнкъард» дæр вæййынц. Афæлварут-ма ахæм дзырдтæ æрымысын *(цæссыг, низ, укол…)*

- Уæ цæскæмттыл та равдисут æнкъард эмоци.

-Тынг хорз сарæхстыстут! Ныртæккæ та уын æз мæхæдæг мæ цæскомæй равдисдзынæн цавæрдæр æнкъарæн, сымах та йæ хъуамæ базонат, цавæр эмоции равдыстон, уый. *(хъомылгæнæг æвдисы цæскомæй тарст).*

- Базыдтат æй, цавæр æнкъарæн равдыстон?

- Æмæ, цымæ, цæмæн? Чи уæ куыд хъуыды кæны?

- О, дзырдтæ сты тынг бирæ. Се΄хсæн ис тæссаг дзырдтæ дæр. Фæлæ ис иу дзырд, кæцы у æппæт дзырдтæй тæссагдæр. Уыцы дзырд у «хæст».

- Цымæ цæмæн у ацы дзырд ахæм тæссаг æмæ æбуалгъ?

- Байгом ма кæнæм рудзынг.

*Хъуысы аудиофыст «Уынджы зæлтæ»*

- Цы хъусæм, цавæр зæлтæ нæм тæхы уынгæй? *(цъиуты цъыбар-цъыбур, дымгæ сыфтæртæй хъазы æмæ уыдон сыр-сыр кæнынц, машинæтæ цæуынц)*

- Раст. Уыдон сты сабырдзинады зæлтæ. Бирæ азты размæ уыдис мæнæ абоны хуызæн хъарм, райдзаст æмæ хурбон. Фæлæ… æвиппайды адæм базыдтой кæй райдыдта хæст.

*Экраныл цæуынц нывтæ*

- Æрбатахтысты хæдтæхджытæ, æрбабырстой танктæ, æрбацыдысты знаджы салдæттæ хæцæнгарзимæ. Æмæ бæстæ уайтагъд аивта. Ныр алы адæймаг дæр йæ алыварс хъуыста бынтон æндæр зæлтæ…

*Хъуысы аудиофыст «Хæсты зæлтæ»*

- Цæуынц уæ зæрдæмæ ацы зæлтæ?

- Уыдон сты тæссаг хæстон зæлтæ. Цы æнкъарут уыдонмæ хъускæйæ? Уæ цæстытыл цы ауайы? *(салдæттæ тох кæнынц, рацыд нæмгуыты зæй, алы ран – срæмыгъдтæ)*

*Экраныл* - *тохы нывтæ*

- Немыцаг фашисттæ нæ Райгуырæн бæстæмæ æрбабырстой, æмæ адæм растадысты йæ бахъахъхъæнынмæ. Нæлгоймæгтæ хæстмæ ацыдысты. Сылгоймæгтæ, зæрæдтæ æмæ сывæллæттæ та баззадысты. Уыдон салдæттæн æххуыс кодтой, куыстой быдырты, фабрикæты æмæ заводты. Уæрæсейы æмæ нæ Ирыстоны дæр ахæм бинонтæ бирæ нæй, хæстон кæй хæдзарæй нæ ацыд; бирæ адæм фæмард хæсты, нал сыздæхтысты сæ райгуырæн къонатæм.

**3. Дидактикон хъазт «Æрæмбырд кæн цыртдзæвæны хуызист»**

- Сабитæ, уæ размæ ис хицæн гæххæтты лыггæгтæ. Уæ хорзæхæй, бацархайут, æмæ сæ саразут æнæхъæн нывтæ. Кæддæра сыл цы фендзыстæм?

*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд*

- Цавæр нывтæ рауад нæ лыггæгтæй? *(цыртдзæвæнты къамтæ)*

- Æмæ, цымæ кæмæн арæзт æрцыдысты ацы цыртдзæвæнтæ? *(хæсты цы хъæбатыртæ фæмард, уыдоны кадæн)*

- Цæуыл тох кодтой адæм? *(адæм тох кодтой сæ Райгуырæн бæстæйы сабырдзинадыл)*

*Уый фæстæ дзурынц алы цыртдзæвæны тыххæй дæр (кæм лæууы, кæй кадæн арæзт æрцыд). Кæцыйы кой фæкæнынц – уый хуызист æвдыст цæуы экраныл.*

**Алагиры мемориал «Танк Т-34».** Арæзт æрцыд Алагиры хæстонтæй чи фæмард, уыдоны кадæн.

**Алагиры Петр Гужвины номыл цыртдзæвæн.**

- Байхъусут Уырымты Петяйы æмдзæвгæмæ «Цырты раз»

Нæ сыхæй заргæ карз тохмæ фæцыд,
Фæлæ фæцух æнахъомæй æмгæрттæй,
Кæйдæр зæххыл ныр сыстади йæ цырт.
Сæрибарыл ныггуыпп ласта йæ зæрдæ…

- Ацы æмдзæвгæйы ныхæстæ дзурæг сты, нæ Иры зæххыл, нæ ирон адæмы сæрыл йæ цард чи радта, уыцы хæстон, дард Уæрæсейы цæрæг Петр Гужвиныл. Уый йæ цард нæ бавгъау кодта, цæмæй мах абон æдасæй цæрæм нæ зæххыл. Немыцаг хæцæнгæрзты нæмгуытæй нæ фæтарст, йæ цард радта, цæмæй мин адæймаджы æгасæй баззадаиккой, уый тыххæй.

**Алагиры Баситы Чабæханы цыртдзæвæн.**

- Радзурут ма, сабитæ, цы зонут Баситы Чабæханы тыххæй?
- Цы ис Алагиры йæ номыл?

**Гæздæнты авд æфсымæры цыртдзæвæн Дзуарыхъæуы.**

- Цы хуызы арæзт у цыртдзæвæн, цы уынæм? *(зæронд ныййарæг мад сæркъулæй лæууы айнæг къæдзæхы рæбын. Йæ сæрмæ та уæларвы тæхынц авд хърихъуппы)*

- Чи сты уыцы хърихъуппытæ, кæй æвдисынц? *(уыдон æвдисынц Гæздæнты авд æфсымæры, кæцытæ хъæбатырæй фæмард сты хæсты быдыры)*

- Гæздæнты ныййарæгæй уæлдай ма Ирыстоны тынг бирæ мадæлтæ нал федтой сæ хъæбулты. Иу хæдзарæй иу ацыдысты цыппæргай, фæндзгай, æхсæзгай, æвдгай æфсымæрæй, æмæ иу сæ иу дæр нал сæмбæлд йæ райгуырæн къонайыл.

**Дзæуджыхъæуы Плиты Иссæйы цыртдзæвæн.**

- Кæй кадæн арæзт æрцыд ацы цыртдзæвæн æмæ кæцы ран и?

- Чи у Плиты Иссæ, цæмæй басгуыхт? *(Плиты Иссæ у номдзыд хæстон инæлар. Тохы рæстæг йæхи равдыста хъæбатыр æмæ æдасæй. Хæсты*

*фæстæ сæрæгасæй æрыздæхт Ирыстонмæ. Йæ номæй Алагиры схуыдтой уынг)*

**Æнæном салдаты цыртдзæвæн Мæскуйы.**

- Ацы цыртдзæвæн та кæм ис? *(Мæскуыйы)*

- Æмæ куыд хуыйны? *(Æнæном салдатæн)*

- Раст, мæ хуртæ. Цæмæн хуыйны афтæ, «Æнæном салдатæн»? *(сабиты дзуаппытæ)*

- Байхъусут Цæрукъаты Валодяйы тæлмацгонд æмдзæвгæмæ.

Кæмæй уыд, кæцон уыд,
Кæм бæсты цæрæг,
Уырыссаг, ирон уыд, -
Нæу уый дæр бæрæг.

Нæ бæсты сæраппонд
Уый райста мæлæт,
Цæмæй нæм уа абон
Æнæмаст цæуæт.

Æмæ йæ кæд хонæм
Æнæном салдат,
Уæддæр æй мах зонæм,
Кæмæн кæнæм кад…

- Сабитæ, чи уæ куыд æнкъары ацы æмдзæвгæ?

- Сывæллæттæ, хæсты цы хъæбатыртæ фæмард,  уыдоны кадæн судзы Æнусон арт. Цымæ цæмæн хуыйны афтæ? *(сабиты дзуаппытæ)*

- Сабитæ, уæ хорзæхæй, æдзæмæй алæугæйæ ссарæм зынгхуыст хæстонты рухс ном.

*Райхъуыст метроном, иууылдæр сыстадысты, æдзæмæй лæууынц.*

- Бузныг, мæ хуртæ, сбадут.

- Нæ хæстон хъайтарты нæмттæ цæмæй рохуаты ма уой, уый тыххæй сын сæ номыл байгом кæнынц цыртдзæвæнтæ, сæ кадджын нæмттæ хæссынц нæ уынгтæ, проспекттæ, фæзтæ æмæ афтæ дарддæр.

## 4. Змæлгæ хъазт «Æхсæзазаздзыд салдат»

- Сабитæ, уæлдайдæр – лæппутæ, фæнды уæ æфсæддонтæ суæвын?

- Æмæ цавæр хъуамæ уа æфсæддон? Алчидæр уæ иу дзырд æрхъуыды кæнæд. *(ныфсджын, цытджын, кадджын, тыхджын, хъайтар, намысджын, æдас, хъæбатыр, ныфсхаст, æнæбасæтгæ)*

- Тынг хорз! Цæй, уæдæ уæ цæмæй сомбон ахæм æфсæддонтæ рауайа, уый тыххæй уæхи хъуамæ сабибонтæй цæттæ кæнат. Ныртæккæ æз дзурдзынæн æмæ æвдисдзынæн архайд, сымах та мæ фæзмут.

1, 2, 3, 4 – салдат цæуы, салдат цæуы.
1, 2, 3, 4 – салдат лæууы, салдат лæууы.
1, 2, 3, 4 – салдат згъоры, салдат згъоры.
1, 2, 3, 4 – салдат бады, салдат бады.
1, 2, 3, 4 – салдат хæры, салдат хæры.
1, 2, 3, 4 – салдатыл ´хсæз азы цæуы.

- Иттæг хорз сæххæст кодтат уæ хæс!

5. **Уæлахизы боныл ныхас**

- Сабитæ, уе´ргом экранмæ раздахут. Цы уынут? *(сабитæ æрбацыдысты цыртдзæвæнмæ, сæ къухы дидинджытæ)*

- Раст. Æмæ цымæ кæд æрбацыдысты цыртдзæвæнмæ? *(Уæлахизы бон, 9 Майы)*

- Иттæг раст. Уымæн æмæ бирæ азты размæ, 1945 азы 9 майы, нæ салдæттæ знæгтыл фæуæлахиз сты, бахъахъхъæдтой æппæт дунейы сабырдзинад. Ирыстоны ис тынг бирæ хъæбатыртæ, сæ хъæбатырдзинадæй нæ Ирыстоны кад бæрзонд систой. Уыдон уыдысты Фыдыбæстæйы хъахъхъæнджытæ. Сабитæ, куыд æмбарут дзырд ***«ФЫДЫБÆСТÆ»***? *(сабиты дзуаппытæ)*

- Куыд æмбарут æмбисонд ***«Фыдыбæстæ мад у – хъахъхъæнын æй зон»***?

- Зæгъæм-ма иумæ æмбисонды ныхæстæ *(дзурынц æмхъæлæсæй 2 хатты)*

- Уæлахизы бæрæгбон хонынц цæссыгæй æхсад бæрæгбон. Цæмæн? *(уымæн æмæ уыцы хæсты фæмард тынг бирæ адæм)*

- Æмæ куыд бæрæг кæнынц ацы бæрæгбон? *(ветерантæн арфæ ракæнынц, скæнынц сын лæвæрттæ, лæвар сын кæнынц дидинджытæ, рацæуынц парадмæ, бацæттæ кæнынц равдысттæ, концерттæ, цыртдзæвæнтæм дидинджытæ ахæссынц, изæрæй та фенæн вæййы бæрæгбоны салют).*

- Зæгъут-ма, цавæр цæстæй кæсын хъæуы хæсты ветерантæм? *(хъæуы сын кад кæнын, æгъдау дæттын, æххуыс кæнын)*

6. **Уæлахизы салют**

*Хъуысы Тухмановы зарæг «День Победы»-йы аудиофыст*

- Сабитæ, лæмбынæг байхъусут æмæ зæгъут, куыд хуыйны ацы зарæг?

- Раст загътат. Ацы зарæджы зæлтæм хъусгæйæ мах ныртæккæ сныв кæндзыстæм Уæлахизы салют. Фæнды уæ? Уæдæ стъæлттæм хæстæгдæр бабадут. Уæ размæ ис гæххæттытæ. Цы хуызæн сты? *(сау)*

- Чи мын æй зæгъдзæн, сау цæмæн сты? *(уымæн æмæ салют вæййы æхсæвыгон. Æхсæв та арв сау вæййы)*

- Иттæг раст! Цæй уæдæ, райдайут.

*Хъомылгæнæг амоны куысты фæтк. Сабитæ «граттаж» техникæйæ пайда кæнгæйæ ныв кæнынц салют. Æмрæстæджы экраныл цæуы видеоролик «Уæлахизы салют»*

**7. Хатдзæг**

- Нæ фембæлд кæронмæ æрхæццæ. Уеˊппæт дæр тынг хорз архайдтат.

- Цавæр бæрæгбоныл дзырдтам абон?

- Цæмæн у афтæ зынаргъ ацы бæрæгбон?

- Уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыди?

- Стыр бузныг, сабитæ. Нæ иннæ фембæлдмæ!